

Bezwen Èd ki Esansyèl

Release Date: Oct 8, 2022

Bezwen ijan oswa esansyèl yo se bagay ki ka sove epi prezève lavi, tankou dlo, manje, premye swen, preskripsyon, lèt pou tibebe, kouchèt, founiti medikal ki ka itilize, ekipman medikal ki ka dire, atik ijyèn pèsònèl ak gaz pou transpò.

Èd pou Bezwen ki Esansyèl se yon peman \$700 yon sèl fwa pou chak kay.

Moun ki fè demann yo ka kalifye pou Èd anrapò ak Bezwen ki Esansyèl yo si yo:

- Ranpli yon demann FEMA.
- Bay verifikasyon idantite.
- Note nan aplikasyon yo a yo gen bezwen ki esansyèl epi mande èd finansye.
- Gen yon rezidans prensipal anvan katastwòf la ki sitiye nan yon zòn ki chwazi pou Èd Bezwen ki Esansyèl. Nan Florida, sa gen ladan moun ki abite nan konte Charlotte, Collier, Desoto, Hillsborough, Lee, Manatee, Osceola, Sarasota, Seminole, ak Volusia.



FEMA

Page 1 of 1